**ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ ТӘЛИМ МИНИСТРЛИГИ**

**БЕРДАҚ АТЫНДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ**

**Қарақалпақ әдебияты кафедрасы**

**Низаматдинов Жеңисбай Минажатдинович**

# *Қарақалпақ фольклористикасы пәни бойынша лекция текстлери*

**(5220100 – Қарақалпақ филологиясы бакалавр бағдары 3-курс студентлери ушын)**

**Улыўма аудиториялық саат** *40*
**Лекция** *18*
**Әмелий 18**
**Семинар 4**

**НӨКИС 2007-жыл**

## Қарақалпақ фольклористика тарийхы

## Кирисиў

Фольклор – (англичан сөзи халық даналығы) – халықтың аўыз еки түрде дөреткен көркем сөз өнери. «Фольклор» термини дүнья халықларының көпшилигинде қабыл етилген, оны гейде «халық аўыз еки дөретпеси» депте айтады. Фольклористика – фольклорды изертлейтуғын илим. Фольклористика илими фольклорлық шығармалардың тарийхын, таралыў жолларын, басқа халықлар менен байланысын, жанрларын, атқарыўшылар репертуарын, жазып алыныўын изертлейди.

Қарақалпақ фольклористика совет дәўиринде пайда болды. Усы дәўирде раўажланды. Революцияға шекем қарақалпақ фольклорын жазып алыў. Баспадан шығарыў, изертлеў жумысы XIX әсирдиң орталарынан баслап-ақ рус илимпазлары А.И.Беляев, А.Диваев, Карамзин тәрепинен қолға алынды.

Фольклор үлгилериниң сақланыўында бақсы-жыраўлардың хызмети оғада үлкен. Бул дәстүрди XIV әсирдеги Саппаслы Сыпыра жыраўдан баслаўымызға болады. Соынң менен бирге орта әсирлерден баслап XX әсирге шекем даўам еткен қыссаханлар, кәтиплер, шайырлар дәстүри, фольклор үлгилериниң китап етип таратылыўы, XVIII әсирден баслап Россия империясында жасаўшы түркий халықлардың аўыз еки дөретпелерин өз алдына китап етип Петербург, Москва, Қвазан, Оренбург, Ташкент, Самарқанд т.б. қалаларда басылыўлары фольклористиканың көринислери еди. XVIII әсирдиң орталарынан баслап орыс илимпазлары қарақалпақ фольклоры үлгилери менен қызыға баслайды. Олар қарақалпақ фольклорының гейпара үлгилерин түп-нусқасында жазып болып, түп нусқасында ҳәм орысша аўдармасында бастырып шығарады. Бул қарақалпақ фольклорын ҳәзирги заман көз қарасынан изертлеўдиң жаңа ҳәм дәслепки қәдемлери еди. Орыс илимпазлары Муравин ҳәм Гладышевлар 1740-41 жыллары Орскиден Хийўаға кетип баратырғанда жол бойы қарақалпақлар арасында этнографиялық жазыўлар жүргизеди. Қарақалпақларға тийисли материалларды П.Рычковта жазып алады. 1857-58 жыллары Ш.Ўалиханов қарақалпақлар арасында болып, бир неше фольклорлық шығармалар жазып алыў менен қарақалпақлардың қосықшылық көркем өнерин жоқары баҳалайды. Н.Карамзин «Ҳаяллар патшалығы» ҳаққындағы ертекти Шымбайда турыўшы бир кемпирден жазып алады ҳәм оны рус тилинде 1875-жылы «Древняя и новая Россия» деген журналдың III томында бастырып шығарады. Қарақалпақлар арасында кең таралған «Юсуп ҳәм Ахмет» дәстаннының (Хорезм) варианты венгер тюркологи Х.Вамбери тәрепинен оның «Чагатай этюдлары» мийнетинде немец тилине аўдарылып 1911-жылы басылады. «Алпамыс» дәстанының қарақалпақша версиясы биринши рет 1902-жылы Ташкенте «Сборник материалов для статистики Сырдарьинской области на 1902 г.» деген топламның X томында басылып шықты. Бул түрк халықлары арасында кең таралған «Алпамыс» дәстанының биринши басылыўы еди. Бул вариант қарақалпақ жыраўы Жийемурат Бекмухаммед улынан

жазып алынған. Тексттиң түп нусқасы араб ҳәриби менен бастарылып сол томда Ә.Диваев тәрепинен рус тилине прозалық аўдарма исленген, Жийемурат жыраўдан кимниң жазып алғаны белгисиз. Дәстанның жазылып алыныўына Әмиўдәрья бөлиминиң баслығы генерал Розгонов жәрдем еткен. А.Диваев орысша аўдармасының ақырында «Импровизатор Бекмухаммедов өзиниң қол жазбасын төмендеги қосықлар менен тамамлайды» - деп келтирилген. Және А.Диваев тәрепинен қарақалпақлардың «Ер Шора» дәстаны «Шура сын Нарик батыра» деген ат пенен жәрияланды. Қарақалпақ фольклорын биринши реет өз қолы менен жыйнаған Петербург университетиниң шығыс факультетиниң студенти (проф. Мелиоранскийдиң шәкирти И.А.Беляев болды. Ол Шымбайда Бекимбет жыраўдан «Едиге» дәстанын, Қоңырат районының аймағынан бир қарақалпақ жыраўдан «Шежирени», «Қарақалпақ халқының таўарих қылып шығарған ҳикаяты» деген ат пенен жазып алған. Қарақалпақ жыраўы Имамқулыдан «Қоблан» («Ер Қобланның қыссасы, қарақалпақтың жыры» деген ат пенен) Нөкистен «Шыңғысхан ҳаққында легенда»ны жазып алған. Сондай-ақ қарақалпақлар арасына тараған Мақтумқулының қосықларын жазып алған. (Бул 1903-жылы еки ай даўамында И.А.Беляев қарақалпақ арасында болғанда жыйнаған.). Ҳақйықатында қарақалпақ фольклорын илимий көз қарастан биринши изертлеўши И.А.Беляев болды. Н.А.Баскаков Қарақалпақстанның көпшилик районларында болып, ол қарақалпақ фольклоры, этнографиясы тили бойынша мағлыўматлар жыйнады.

## *Тема:* **30-40 жыллар фольклористика**

1931-жылы Қарақалпақстанда орыс илимпазларының жәрдеми менен Қарақалпақстан комплексли илим изертлеў институты дүзилди. Бул институттың миллий мәденият секторының баслығы проф. А.Соколов өзиниң 1933-жылдың ақырына шекем ислеген ўақтында арқа районларға этнографиялық ҳәм лингвистикалық экспедициялар шөлкемлестиреди.

Қарақалпақ фольклорының ҳәм революцияға шекемги қарақалпақ әдебиятының ўәкиллериниң шығармаларын халық арасынан жыйнаў мәселесине илимий мәкемелер менен бир қатарда көбирек кеўил бөлип, қызғын жумыс алып барған Қарақалпақстан жазыўшылар аўқамы болды. А.Бегимов, Н.Дәўқараев, Қ.Айымбетов, О.Кожуров т.б. басламасы менен фольклор үлгилерин ҳәм революцияға шекемги шайырлардың дөретпелерин жыйнаў қолға алынды. Жыйнаўшылар ишинен айрықша көзге түскенлери, белгили фольклор ҳәм әдебият үлгилерин жыйнаўшылар С.Мәўленов ҳәм Ш.Хожаняизовлар болды. Олар Қурбанбай жыраўдан «Қырық қыз», «Қурбанбек», «Шийрин шекер», «ЕрҚосай», «Ҳажы Герей» т.б. дәстанларды, Әбдимурат жыраўдан «Мәспатша» дәстанын, Қаражан бақсыдан «Дәўлетиярбек» дәстанын жазып алған. Усы дәўирде А.Бегимов, Қ.Айымбетов, О.Кожуров, Н.Жапақов, Ә.Шамуратов т.б.лар фольклорды жыйнаўдағы хызметлери көзге түсти. Ҳ.Айымбетовты халық «Жанлы фольклор» деп атаған. Оның барлық өмири қарақалпақ фольклорын жыйнаў, басып

шығарыў, изертлеў менен байланыслы. Ол Өгиз Жыраўдан 1934-жылы «Алпамыс» дәстанын жазып алып 1937-жылы биринши реет Москвада бастырып шығарды. Бираз толықтырыў менен «Алпамыс» екинши реет 1941-жылы басылды. Бул баспаға Әмет Шамуратов алғы сөз жазған Қ.Айымбетов Ерполат жыраўдан «Едиге» дәстанын жазып алады ҳәм оны 1937-жылы бастырып шығарады. Қ.Айымбетов 30-жыллардың ақыры 40-жыллардың басындағы фольклорды жыйнаў, бастырып шығарыў, мақала жазыў ислери белгили әдебиятшы-илимпаз, журналист Орынбек Кожуров пенен бирге алып барылған. 1928-жылынан 1940-жылға шекем Е.Мажитовтан баслап А.Бегимов, Қ.Айымбетов, Қ.Ерманов, Н.Дәўқараев, И.Сағытов т.б. тәрепинен мектеплерге әдебият сабақлықлары дүзилди. Булардың ҳәммесинде қарақалпақ фольклорынан үлгилер киргизген. 30-жыллары Н.Жапақов қарақалпақ фольклорының үлгилерин жыйнаўға қатнасты. Ол С.Мәўленов пенен бирге «Қоблан» дәстанын Есемурат жыраўдан жазып алды ҳәм оны өз алдына китап етип 1941-жылы бастырып шығарды. Н.Жапақов тәрепинен 1941-жылы «Халық ертеклери ҳәм қосықлары» деген динге қарсы айтылатуғын фольклор үлгилери бастырып шығарылды. Фольклор үлгилериниң жыйналыўында ҳәм бастырылып шығарылыўында урыстан бурынғы дәўирде Ә.Шамуратовтың да хызмети бар. Ол 1939-жылы Қуламет жыраўдан «Шәрьяр» дәстанын жазып алды. 1940-жылы басылған «Қарақалпақ халық творчествосы» китабының әдебий редакторы болды.

Қарақалпақ фольклоры ҳәм әдебият – тарийхын изертлеўдиң басланыўы Н.Дәўқараев аты менен байланыслы. Оның 1936-жылдан баслап газета-журнал бетлеринде бир қанша мийнетлери шықты. Мийнетлердиң баслылары «Қарақалпақ поэзиясы ҳаққында», «Қарақалпақ фольклоры», «Алпамыс» дәстаны, «Қарақалпақ поэзиясы», «Қарақалпақ әдебияты тарийхы жөнинде» т.б. көрсетиўге болады. 20-30 – жыллардың фольклористикасы жағдайына нәзер аўдарғанымызда оның улыўма туўылыў процессин көзден өткеремиз. Бул дәўирдеги фольклористика тийкарынан жыйнаў ҳәм оның гейпара үлгилерин басып шығарыў менен шуғылланды.

## *Тема:* **40-50 – жыллардағы қарақалпақ фольклористикасы**

Елимиздиң басынан кеширген тарийхый жәмийетлик ўақыялар менен байланыслы. Урыс жыллары традициялы фольклордың халық арасында гейпара жанрлары қайта тикленди. Мәселен бул ўақытларда эпосларды атқарыўда жыраў бақсылар халқымыздың әсирлер бойына дөреткен қаҳарманлық дәстанлары тарийхый жағдай талабына ылайық жырлай баслады. Бул дәўирде урыс темасына арналған мазмуны жағынан бай, формасы жағынан көркем массалық халық поэзиясы дөреди. Олардың тийкарғы идеясы урыстың тезирек тамамланыўы, айра-түскен жаслардың бир-бирине Аман-есен қосылыўы, дослық, парахат жасаўды аңсаў болды.

Қарақалпақ халқының өткендеги тарийхын үйрениўде П.П.Иванов, С.П.Толстовтың мийнетлери әҳмийетли болды. П.Ивановтың «Қарақалпақлардың тарийхы бойынша материаллар», С.П.Толстовтың басшылығындағы комплексли Хорезм археологиялық-этнографиялық экспедициясы Орта Азия халықларының, соның ишинде қарақалпақлардың тарийхын, мәдениятының бетлерин ашты. Ол өзиниң «Древний Хорезм», «По следам древне-Хорезмийской цивилизаций» деегн мийнетлеринде усы территорияның ески дәўирлеринен баслап пайда болған ҳәзирде өзбек, қарақалпақ, қазақ, түркменлер арасында сақланып киятырған легендалар менен аңызларды қозғайды. С.П.Толстов халықтың аңыз-әңгимелерин, олардың этногенезин анықлаўда, көшип-қоныўларын белгилеўде, урыў-қәўимлердиң дүзилисин анықлаўда, олардың не менен шуғылланғанын, динин, көрсетиўде пайдаланады.

1945-жылдан баслап Хорезм археологиялық ҳәм этнографиялық экспедициясының составында Т.А.Жданко басшылығындағы қарақалпақ этнографиялық отряды иследи. Олар Қарақалпақстанның барлық районларын қамтыды. Олар ҳәр районда ҳәр қыйлы информаторлардан қарақалпақлардың тарийхый аңыз-әңгимелерин жазып алды. Т.А.Жданко қарақалпақлардың тарийхый-аңыз әңгимелерин өзиниң «Очерки исторической этнографии каракалпаков» деген (50-ж.) китабында, сондай-ақ «Хорезм оазисиндеги қарақалпақлар», «Қарақалпақлар этникалық тарийхының ҳәм этнографиясының тийкарғы проблемалары» т.б. мийнетлеринде пайдаланған. Оның мийнетлеринде қарақалпақлардың Едил, Жайыққа байланыслы аңызлары сөз етилип, олардың тарийхый тамырлары ашылады.

Қарақалпақ эпосының орта әсирдеги алтын орда ҳәм ноғайлы дәўирин сөз ететуғынын, буған «Едиге» т.б. эпослардың киретуғынын белгилейди. Және урыў атларының келип шығыўы хаққында, Жийренше шешен, Асан қайғы туўралы, ноғайлылар, Ормамбет бий ҳаққындағы аңызларда келтирип, оларды тарийхый фактлер менен ашып береди. 1944-жыллардан баслап Н.Дәўқараев өзиниң докторлық диссертациясы үстинде жумыс алып барады. Және ол қарақалпақ фольклорының үлгилерин басып шығарыўға да кеўил бөлди. 1940-жылы С.Мәўленов, Ш.Хожаниязов, А.Бегимовлар жазып алған «Қырқ қыз» дәстанының 1943-жыл баспадан шығыўы үлкен ўақыя болды. Дәстан өзбек, рус т.б. тиллерге аўдарма исленди. Пүткил союзлық масштабта жоқары баха алды. Н.Дәўқараев 1951-жылы Москвада Шығыста изертлеў институтының илимий кеңесинде «Қарақалпақ әдебияты тарийхының очерклери» атлы докторлық диссертация жақлады. Жумыст үш бөлимнен турады, биринши бөлими қарақалпақ аўыз еки халық творчествосына арналған.

Бул бөлимде кирисиў ҳәм жуўмақлаўдан басқа «Қарақалпақ аўыз әдебиятының тарийхый дереклери», «Қарақалпақ аўыз әдебияты ҳәм оның айтыўшылары», «Қарақалпақ аўыз әдебиятының түрлери ҳәм тематикасы», «Қарақалпақ совет фольклоры» деген бөлимлерден турады. Н.Дәўқараев бириншилерден болып қарақалпақ фольклорының тарийхын қысқаша очеркин сол дәўирде жыйнаған материаллар тийкарында рус ҳәм қоңсылас халықлардың тәжирийбесине сүйене отырып дүзбекши болды. Ол биринши мәртебе тарийхшылардың

мийнетлерине сүйене отырып қарақалпақ ауыз әдебиятының шығармаларының халықтың тарийхы менен байланысына нәзер аударды. Ол фольклор шығармаларының пайда болыўында, сақланыўында, раўажланыўында жыраў-бақсы, қыссаханлардың, қоңсылас халықлар менен мәдений байланыстың әҳмийетин белгилеп берди. Н.Дәўқараев усы мийнетинде фольклордың қарақалпақ материалы тийкарында қосықларға, ертеклерге, нақыл-мақалларға, айтысқа, диний фольклорға, дәстүр жолларына, толғаўларға биринши илимий анализ жасады. Ол қарақалпақ аўыз әдебиятын үлкен еки жанрға – лирикалық ҳәм эпикалық жанрға бөлип, қарақалпақ фольклорының барлық жанрлары ҳаққында түсиник береди.

50-жылға шекем қарақалпақ фольклорының барлық жанрларын толығы менен өз ишине қамтыйтуғын илимий жумыс жазылмады. Жумыс обзорлық қысқа планда жазылса да өз дәўири ушын үлкен жақсылық болды.

## *Тема:* **50-60-70 – жыллар қарақалпақ фольклористикасы**

1951-жылы «Каракалпакский язык» атлы К.А.Баскаковтың китабының 1 томының Москвада басылып шығыўы совет дәўиринде қарақалпақ фольклорын жыйнаўдағы, қарақалпақ ҳәм рус тиллеринде басып шығарыўдағы оғада үлкен илимий жумыс болды. Н.А.Баскаков бул материалларды 1926-45 жыллары Қарақалпақстанның барлық районларында жыйнаған. Н.А.Баскаковтың бул мийнети тек қарақалпақ тилин изертлеўде ғана емес, ал оның дәстанлардан басқа барлық жанрларын үйрениўде үлкен әҳмийетке ийе. Китаптың кирис сөзиндеги автордың қарақалпақ фольклорын түрлерге бөлиўи, классификациялаўы автордың бул фольклор менен күтә таныс екенлигин көрсетеди ҳәм фольклорды системалы үйрениў ўазыйпасын қояды. Н.А.Баскаковтың бул жумысы биринширлерден болып қарақалпақ фольклорын жыйнаў ҳәм бастырып шығарыўда исленген теңи-пайы жоқ мийнет.

40-50 – жыллары қарақалпақ фольклоры бойынша бир қанша мақалалар, рецензиялар баспа сөзде жәрияланды. Қ.Айымбетов 1941-жылы «Қызыл Қарақалпақстан» газетасының 31 май санында «Халықтың жыраў бақсылары», Ж.Аймурзаев 1941-жылы «Жас Ленинши» газетасының 3-апрель санында «Халық ертеклери ҳәм қосықлары», И.Сағытовтың 1946-жылы «Жеңис байрағы» атлы альманахта басылған «Қырқ қыз» дәстаны туўралы мақаласы, Л.Климовичтиң «Қырқ қыз»дың 1949-жылы Ташкенттеги русша баспасында «Қырқ қыз» эпосы ҳаққында мақаласы. Б.Исмаиловтың «Советская каракалпакия» газетасының 1954жылы 14 санындағы «Изучать устное народное творчество» мақаласы, С.Ахметовтың «Қызыл қарақалпақстан» (1955-жыл, 5-октябрь санындағы) ««Қырық қыз» эпосының халықлығының айырым мәселелери» мақаласы, И.Т.Сағитов «Қызыл қарақалпақстан» газетасының 1955-жылы 231 санында «Қарақалпақ халық творчествосын терең изертлейик» және 1957-жылы 162 санында «Халық әдебяитын жыйнаўдағы ўазыйпаларымыз» атлы мақалалар басылып шықты.

1958-жылы Қ.Мақсетов ««Қырқ қыз» дәстанының идеялық ҳәм көркемлик өзгешелиги» деген темада кандидатлық диссертациясын жақлады.

1947-жылы Москвада рус тилинде В.М.Жирмунский менен Зарифовтың «Узбекский народный героический эпос» китабының басылып шығыўы, әсиресе 1958-жылы Москвада «Вопросы изучения эпоса народов СССР» атлы томлық басылып шығыўы, онда В.С.Чичеровтың, В.М.Жирмунскийдиң, А.К.Боровковтың Орта Азия ҳәм Қазақстан халықларының эпосының үйренилиўи бойынша проблемалық мақалаларының жәрияланыўы СССР халықлары фольклористикасында үлкен теориялық бурылыс болды. Олар өзлериниң мақалаларында қарақалпақ эпосының мәселелерин де сөз етти. В.И.Чичеров өзиниң «Вопросы изучения эпоса народов СССР» деген мақаласында СССР халықлары эпосының көп ғана проблемалық мәселелерине тоқтап, қарақалпақ эпосына тийисли мынадай мәселени ортаға қойды. «Миллий өзгешелик сюжетлери улыўма, қаҳарманлары ҳәр қыйлы» дәстанларда ғана көринип қоймастан, бир қаҳарман ҳаққында сөзететуғын дөретпелерде де жүзеге келеди. Әййемги дәўирде пайда болып, ҳәр қыйлы халықлар тәрепинен исленген бундай эпос бәрҳама миллий өзгешеликке ийе, оның идеясы менен образлары терең халықлық болып есапланады деп көрсетеди.

Усы китапта В.М.Жирмунский «Некоторые итоги изучения героического эпоса народов Средней Азии» деген мақаласында Орта Азия халықларының көплеген эпосларын тилге алады, олар ҳаққында өз баҳаларын билдиреди. Олардың арасында «Манас», «Алпамыс», «Юсуп Ахмет», «Гөруғлы», «Едиге» т.б. дәстанлар бар. Ол усы мақаласында бурын белгили болмаған «Қырқ қыз» дәстанының урыс дәўиринде Қурбанбай жыраўдан жазылып алынғанын, буның фольклорлық материалларды жыйнаўда үлкен жаңалық болғанын, «Қырқ қыз» дәстанының 20 мың қосық қатарларынан туратуғынын, Гүлайым баслаған қырқ қыздың өзиниң сүйиклиси Хорезм батыры Арыслан менен басқыншылар қалмақ ханы Суртайша, қызыл баслардың ҳүкимдары Надиршадан өз халқын азат еткенин жазады. Мийўели қаласының батыры, қырқ батыр қыздың сәрдары Гүлайым ҳаққындағы гүрриңде Қарақалпақстанда, Хорезмде ҳәм Түркменстанда ҳәр қыйлы белгили бир орынларды атаған әпсаналар сүўретленген. Бирақта эпоста сәўлеленген тарийхый ўақыялар әдеўир соңғы дәўирге тийисли ҳәм XV-XVIII әсирлердеги қалмақлардың урыслары менен байланыслы, соның менен бирге Персиялы Нәдиршахтың Хорезмге топылысы менен байланыслы.

В.М.Жирмунскийдиң соңғы жумысларындағы «Едиге» дәстаны ҳаққында пикирлери де үлкен илимий қызығыўшылық туўдырады. «Едиге» дәстанының көп ғана түркий халықлардағы версиялары, соның ишинде қарақалпақ версиясы, олардың сюжет қурылысы, тарийх пенен байланыслы, халық фантазиясына толы екенлиги, сондай-ақ тарийхый ўақыялардың онда изи сақланған менен, халық фантазиясында үлкен өзгерислер менен көркем сүўретленгени ҳаққында жазады. В.М.Жирмунский ислеп шыққан салыстырып изертлеўдиң үш түри: 1) тарийхый-генетикалық, 2) тарийхый-типологиялық, 3) халықлардың тарийхый жақтан

жақынлығы ҳәм олардың жәмийетлик раўажланыў жағдайларының нәтийжесинде пайда болған халық аралық мәдений байланысларды тәсир етиўди, белгилейтуғын салыстырыў.

50-жыллардағы фольклористикада А.К.Боровковтың да баҳалы пикирлерге толы мақалаларын айтып өткен орынлы. Ол өзиниң мийнетлеринде түркий тиллес халықлардың эпосы халықлығы, көркемлик өзгешеликлери туўралы оғада баҳалы пикирлерди қалдырды. «Вопросы изучения эпоса народов СССР» деген китапта оның көлемли «Вопросы изучения тюркоязычного эпоса народов Средней Азии и Казакстана» деген мақаласы басылған. Онда ол қазақ, өзбек, қарақалпақ т.б. эпосларына анализ жасайды. Бунда ол қарақалпақлардың «Мәспатша» ҳәм «Қоблан» дәстанлары ҳаққында баҳалы пикирлерди келтиреди. Ол қарақалпақ эпосы «Қобланның» сюжет қурылысы менен мазмунын толық ашып береди, қатнасатуғын қаҳарманлардың ҳәммесиниң атын атап, олардың дәстандағы ҳәрекетлерин, қатнасықларын түсиндиреди, дәстан материалы тийкарында олардың характерин ашып береди. Боровковтың бул мақаласында қазақ, қарақалпақ ноғайларға ортақ «Едиге» дәстаны, ол ҳаққындағы пикирлерге де дыққат аўдарады. Ол эпикалық Едиге менен тарийхый Едигени бөлип қараўды қояды. Оның пикиринше «Поэманың сюжети өш алыўшы батыр Едигениң зулым Тохтамыс ханға гүресин, бул гүрес ҳақыйқатында болғанлықтан тарийхый ўақыяларға тек узақтан туўра келиўи менен көрсетиледи». Жоқарыда аты аталған китапта М.И.Климович өзиниң «Заметки об эпическом творчестве народов Советского Востока» деген мақаласын жәриялады. Бул мақаласында «Ғөруғлы», «Алпамыс», «Ғозы Көрпеш» эпосының түркий халықлар фольклорында ушырасатуғынын, олардың вариантлық, версиялық өзгешеликлерине, идеялық мазмунына көркемлигине тоқтайды. Және ол Қурбанбай жыраў ҳәм оның устазы Халмурат ҳаққында, «Алпамыстың» Диваев бастырған 1902-жылғы Жийемурат жыраў варианты туўралы «қалмақ» сөзи ҳаққында, т.б. туўралы пикирлер айтады.

## *<u>Тема:</u>* **60-70 – жыллардағы қарақалпақ фольклористикасы**

1959-жылы Москвада В.Шафранников тәрепинен жыйналған В.Беляевтың алғы сөзи менен «Каракалпакские народные песни» атлы халық намаларының топламы шықты. Топламға халық бақсыларынан жазып алынған 84 нама киргизилген. Усы жылы А.Халимов тәрепинен топланған Акбаровтың алғы сөзи менен Ташкенте «Қарақалпақ халық намалары» деген ат пенен екинши топлам басылып шықты. Бул топламға 140 жақын қарақалпақ намалары кирген. Бул топламға тийкарынан бақсылардың дуўтарда халық сөзине айтылатуғын намалары кирген. Олардың ишинде Жуман бақсы, Ешан бақсы, Жапақ бақсы, Айтжан (Хожалепесов), Ибрайым (Патуллаев) лардан жазылып алынған халық намалары бар. В.Шафранниковтың топламында Компанейцтиң Қыяс жыраўдан жазып алынған «Көз айдын», «Зарлы», «Ҳәўжар» намалары киргизилген. Тийкарынан бул топламларда қобыз намалары орын алмады.

Улыўма 50-жыллардағы қарақалпақ фольклористикасы жағдайы усындай болды. 1959-жылдың ақырында ӨзССР илимлер Академиясының Қарақалпақстан филиалының дүзилиўи Қарақалпақстанда илимниң раўажланыўында, илимий қәнигелердиң таярланыўында үлкен бурылыс жасады. 1959-жылдың октябрь айында жаңадан дүзилген филиалдың составындағы тарийх ҳәм тил әдебият институтының структурасында өз алдына қарақалпақ фольклоры секторы шөлкемлестирилди. Секторда Қ.Мақсетов, Б.Ҳәкимниязов, Ө.Ерполатов, Н.Жамалов, Н.Камолов, Ж.Әдикеримов, М.Низаматдинов, Қ.Мәмбетназаров, А.Тәжимуратов, Т.Ниетуллаевлар қосылды. Қ.Мақсетов бул сектор ҳаққында былай дейди: «Фольклор секторының алдында үш үлкен ўазыйпа турды. Халықтың арасынан фольклор материалларын жыйнаў, фольклор текстлерин басып шығарыў ҳәм қарақалпақ фольклоры бойынша изертлеў жазыў ҳәм оларды баспа сөзде дағазалаў. Усы ўақытқа шекем фольклор дөретпелериниң айырымларының тек бир вариантын жыйнаў дәстүр еди. Енди олардың барлық вариантын ҳәм улыўма қарақалпақ фольклорының бурын жазылмаған барлық жанрдағы түрлерин жазып алыў мәселеси қойылды. Бул жумыс 1959-жылдан баслап қызғын қолға алынды. 3-4 жылдың ишинде қарақалпақ фольклорының ҳәр қыйлы жанрларынан бай материаллар жыйналды. Усылардан дәстанларды бөлип алғанда Қ.Мәмбетназаров, Н.Камалов, А.Жамаловлар «Алпамыс» дәстанының Карам жыраў варианты, «Алпамыс» дәстанының Қ.Мақсетов жазып алған Арзымбет жыраў варианты, А.Жапақов тәрепинен «Алпамыстың» Таңырберген жыраў варианты, «Қоблан» дәстанының Қ.Мақсетов тәрепинен жазылған Арзымбет жыраў варианты, Ережеп жыраў варианты, Дәўлетмурат жыраў варианты, Карам жыраў варианты, А.Жамалов жазып алған Асқар варианты. Ж.Абдкеримов, Қ.Мәмбет варианты Қ.Мақсетов жазып алған Жәнибек Асқаров варианты, А.Алиев ҳәм Қайыпназаров жазып алған «Маспатша» дәстанының Қайыпназар жыраў варианты Қ.Мақсетов ҳәм Қ.Мәмбет варианты тәрепинен жазылған «Бозуғлан» дәстанының Қайыпназар жыраў варианты, т.б. ӨзРИА ҚҚБ бөлиминиң китап. ҳәр. Тапсыр. 60-70 – жыллары фольклор секторының хызметкерлери Қ.Мақсетов, Қ.Мәмбетназаров, Жамалов, Әбдикеримов, Н.Камалов, Ерполатов, М.Низаматдинов, Ниетуллаев, Хошниязовлар тәрепинен Есемурат жыраўдан, Жапақ бақсыдан, Мәдирейим бақсыдан, Нарбай бақсыдан, Өтенияз жыраўдан, Жумабай жыраўдан, мет бақсыдан, Бекмурат бақсыдан т.б. «Едиге», «Шора», «Гөруғлы», «Ғәрип ашық», «Юсуп Ахмет», «Шәрьяр», «Аўезхан», «Бәзирген», «Қырмандәли», «Саятхан Ҳамра», «Ҳүрлиқа-Ҳамра», «Юсуп-Злиха», «Дәўлетиярбек», «Қарабек» т.б. дәстанлар жазып алынып ____ қол жазбалар хорына тапсырылды. Дәстанлардан басқа ертеклерди жыйнаў бойынша да үлкен жумыслар исленди. Жоқарыда аты аталған фольклористлер Қарақалпақстанның барлық районларында болып бир неше жүзлеген ертеклерди жазып алды. Ҳәзир усы фольклористлердиң жазып алған 1000 жақын ертек бойынша қол жазбалары бар.

Қарақалпақ нақыл мақалларын изертлеўши ӨзИА Қарақалпақстан филиалының ашылыўы менен өз алдына қарақалпақ фольклоры секторының шөлкемлестирилиўи, аўыз еки

халық творчествосының барлық түрлери бойынша тереңнен үйрениуге жол ашты деп көрсетеди. Т.Ниетуллаев фольклор секторының жыйнаў жумысына тоқтап, аўыз еки халық творчествосын жыйнаўға барлық мектеп оқыўшылары, муғаллимлер коллективи менен айрым өз бетинше қызығыўшылар көп жәрдем көрсетип ҳәр жылы сектордың адресине оқыўшылар менен муғаллимлерден қызықлы сораўлар, өзлери жыйнаған материаллар келип түседи. 1962-жылы Т.Генжемуратов (Тахтакөпир) «Турмыс салт қосықлары ҳәм нақыл мақаллары», усы жылы Ө.Шарибаев (Нөкис) «Қарақалпақ нақыл мақаллары» деген ат пенен 1331 нақыл-мақалды жыйнап, оны өз бетинше алфавит бойынша тәртиплестирген. Азат Абдиқалиқов (Нөкис) «Қарақалпақ нақыл-мақаллары», 1963-жылы А.Қулымбетов «Қарақалпақ нақыл-мақаллары» деп системаластырылып, жыйнаған топламларын тапсырды» деп жазады. Қарақалпақ жумбақларын жыйнаған ҳәм изертлеген А.Алимов олардың жыйналыўы ҳаққында тоқтап, халық творчествосының барлық жанрлары қатарында бир қанша жумбақларды сектордың хызметкерлери тәрепинен республикамыздың барлық районларынан көп ғана жумбақлар топланды деп келтиреди ҳәм 1961-жылдан берли 5000 нан аслам жыйналғанын көрсетеди.

Қарақалпақ дәстүр жырлары, айтысты жыйнаўда да үлкен жумыслар исленди. Фольклорист М.Низаматдинов республика районларында болып бул тараўда бай материал жыйнады. Ол жыйнаған материалларын ҳәм сектор хызметкерлери жыйнаған материалларды әсиресе айтыс бойынша жыйналған материалларды жыйнап көп томлыққа топлады.

Халықлық ҳәм салт жырларын жыйнаўда ҳәм изертлеўде А.Тәжимуратов үлкен мийнет исследи. Ол архивте жыйналған усы темадағы материалды көп томлықтың бесинши томына жыйнап топлады.

Фольклор дәўирлерге бөлип алған қарақалпақ совет фольклоры М.Низаматдинов басқаларға қарағанда өз алдына жумыс алып барды. Себеби олардың илим изертлеў жумыслары бул дәўир менен тиккелей байланыслы еди. Солай етип 1959-жылдан баслап илимий хызметкерлер, студентлер, улыўма фольклорды сүйиўшилер тәрепинен жыйналған материаллар ИА ның қол жазбалар фондында сақланатуғын қарақалпақ фольклоры секторының ағзалары тәрепинен жыйналған бай материалды толтырды. Қарақалпақ фольклорының 1959-жылдан 1980-жылға шекемги жыйналған фрольклорлық материаллар қарақалпақ фольклорының көптомлығының текстлерин баспаға таярлаўға мүмкиншилик берди. ӨзИА қарақалпақ филиалы ашылыўы, оның составында 1959-жылдан тил ҳәм әдебият институтының дүзилиўи, институт структурасында фольклор секторының жумыс алып барыўы фольклор текстлерин басыўда ҳәм қарақалпақ фольклоры бойынша илим изертлеў жумысларын жазыў ҳәм басып шығарыўда, сондай-ақ квалификациялы фольклористлерди тәрбиялаў исинде жаңа этапты ашты.

1958-жылы С.Бекназаров ҳәм Г.Есемуратов Қурбанбай жыраўдың «Ер Зийўар» дәстанын бастырып шығарды. Дәстанның алдына Г.Есемуратовтың қысқа кирис сөзи берилген.

1958-жыл А.Каримов Қыяс жыраўдан өзи жазып алған «Мәспатша» дәстанын бастырып шығарды. 1959-жылы Ә.Пахратдинов қысқаша алғы сөз бенен Ә.Шамуратов тәрепинен Қуламет жыраўдан жазылып алынған «Шәрьяр» дәстанын бастырды. 1959-жылы «Каракалпакские народные сказки» деген ат пенен қарақалпақ ертеклери рус тилинде басылды. 1960-жылы Есемурат жыраўдан Р.Хожамбергенов жазып алған «Алпамыс» дәстанының варианты басылып шықты. 1960-жылы «Ғәрип ашық» дәстаны басылып шықты. Дәстанды жазып алған ҳәм баспаға таярлаған Х.Тажимуратов. 1961-жылы Қыяс жыраўдан Қ. Мәмбетназаров тәрепинен жазылып алынған «Бөзуғлан» дәстаны биринши реет басылып шықты. 1962-жылы Қ.Мақсетов, Н.Камалов, Қ.Мәмбетназаровлардың таярлаўында ҳәм олардың алғы сөзи менен «Қарақалпақ легендалары ҳәм анекдотлары» өз алдына китап болып басылып шықты. 1962-жылы Қурбанбай жыраўдан С.Мәўленов, Ш.Хожаниязов жазып алған «Қурбанбек» дәстаны қарақалпақ тилинде басылып шықты. Дәстанды баспаға таярлағанлар Қ.Мақсетов, У.Ерполатов, А.Жамалов, Д.Ҳәкимниязов. Алғы сөзин Қ.Мақсетов жазған. 1963-жылы «Ғөруғлы» дәстаны басылды. Бул дәстанда Бекмурат бақсы Жуманиязовтан жазылған «Қырмандәли» Нарбай бақсы Көшекеновтан жазылған «Бәзирген» бөлимлери бар. «Қырмандәлини» жазып алған Өтеп Ерполатов, «Бәзирген»ди жазып алған Ж.Әбдикеримов. Баспаға таярлағанлар Мақсетов, Қ.Мәмбетназаров, Ө.Ерполатов. Дәстанға алғы сөз жазған Қ.Мақсетов, Бекмурат ҳәм Нарбай бақсылардың өмирбаянлары ҳаққында мағлыўматлар Берген Ө.Ерполатов ҳәм Қ.Мәмбетназаров.

1963-жылы балаларға арнап С.Аббазов ҳәм А.Алимов жумбақлардың топламын қарақалпақ тилинде Нөкисте бастырып шығарды. 1965-жылы А.Тәжимуратов «Қарақалпақ халық қосықлары» атлы китапты Нөкисте қарақалпақ тилинде бастырып шығарды. Автор қосықларды «Турмыс-салт қосықлары», «Бесик жыры ҳәм балалар қосықлары», «Қызлар қосықлары», «Муҳаббат қосықлары», «Муң-шер қосықлары», «Динди әшкаралаўшы қосықлар», «Толғаўлар ҳәм термелер», «Тарийхый қосықлар», «Жоқары қарақалпақлардағы халық қосықлары» деген атамалар менен киргизеди. Китаптың алғы сөзин де А.Тәжимуратов жазды.

1965-жылы Нөкисте қарақалпақ тилинде Қ.Мәмбетназаров тәрепинен «Қарақалпақ халық ертеклери»ниң топламы басылып шықты.

1968-жылы «Қарақалпақстан» баспасында рус тилинде «Диковины Аму» аты менен қарақалпақ ертеклери басылды. Бул топламға М.Шевердин, И.Шевердина аўдарған ертеклер менен бирге 1959-жылы ертеклердиң русша басылыўындағы А.Волков ҳәм И.Майоров аўдармалары да пайдаланылған. Китаптың алдында М.Шевердин тәрепинен жазылған кирис сөз бар.

1970-жылы «Әмиўдәрья» журналының №7 санында Нарбай бақсы тәрепинен жазып алынған «Дәўлетиярбек» дәстаны басылды. Дәстанның алдында дәстанның дөреген дәўири,

миллий өзге версиялары улыўма дәстанның идеялық бағыты туўралы жазылған Қ.Мақсетовтың мақаласы бар.

1970 – жылы Нөкисте рус тилинде биринши мәртебе Б.Привалов аўдармасында «Анекдоты Умирбека» деген ат пенен китап басылып шықты. Китаптың ақырында «Анекдоты Умирбека и некоторые вопросы сатирино – юмористического фольклора» деген Б.Приваловтың мақаласы бар. Бул китап 1977-жылы екинши реет те басылды.

1971 - жылы С.Северцов аўдармасында рус тилинде «Шәрьяр» дәстаны басылып шықты. С.Северцов өз аўдармасын «переложение» деп атап, қарақалпақша тексттиң _____ русша аўдарманың көлемин 5 есе көбейтип, дәстанның қара сөзинде қосық қатарларына айналдырған. Кирис сөзин И.Юсупов жазған.

## *Тема:* **Қарақалпақ фольклорының көп томлығы**

1967-жылы Н.Дәўқараев атындағы тарийх тил ҳәм әдебият институты Қарақалпақ фольклоры секторы фольклордың 20 томлығын басып шығарыўды нәзерде тутып бул исти алдағы планға киргизди. Қарақалпақ фольклорының редколлегиясы атынан 1 томда «Кириспе»де былай делинген: «Көп томлықты басып шығарыўдың тийкарғы мақсети – көпшилик оқыўшылар жәмийетшилигин қарақалпақ фольклорының тутас, толық үлгилери менен таныстырыў, халқымыздың аўыз еки творчествосын мәңгилестириў, оларды илим изертлеў жумысына қосыў, усының нәтийжесинде халқымыздың эстетикалық талғамының раўажланыўына үлес қосыў болып есапланады.»

«Қарақалпақ фольклорының» I-II томларын «Қарақалпақстан» баспасында 1977-жылы басып шығарды. I-II томларға «Қарақалпақ ертеклери» киргизилген. Еки томға 150 ден аслам ҳәр қыйлы жанрдағы қарақалпақ ертеклери киргизилген. Бул томды Қ.Мәмбетназаров таярлады. Көп томлықтың III Томы 1978-жылы басылды. Бул қарақалпақ жумбақларына арналды. Бул томды А.Алимов таярлап, редакциясын Қ.Мақсетов алып барды. Алғы сөз Ә.Алимов жазды.

«Қарақалпақ фольклорының» IV Томы нақыл-мақалларға арналды. Бул том 1978-жылы басылды. Баспаға таярлаған нақыл-мақаллар бойынша изертлеў жүргизген Т.Ниетуллаев болды. Томның алдына Т.Ниетуллаевтың нақыл-мақаллар жөнинде мақаласы берилген. Көп томлықтың V томы қарақалпақ халық қосықларына арналған. Бул томды баспаға таярлаған, қарақалпақ қосықлары бойынша изертлеў алып барған А.Тәжимуратов. Китапта халық қосықларының барлық түрлеринен үлгилер бар. Китапқа А.Тәжимуратов кирис сөз жазған. «Қарақалпақ фольклорының» 1980-жылы басылған VI Томы «Қырық қыз» дәстанына арналған. Дәстанда баспаға таярлаўшылар Қ.Мақсетов, Н.Жапақов, Т.Ниетуллаев. Дәстанға алғы сөзди Қ.Мақсетов жазған.

1981-жылы «Қарақалпақ фольклорының» VII Томы «Алпамыс» басылып шықты. Бул Өгиз жыраўдан Қ.Айымбетов жазып алған, дәстанның ең жақсы вариантларының бири есапланады. Баспаға таярлағанлар Қ.Байниязов пенен Н.Айымбетов. Бул «Алпамыс»тың Өгиз жыраў вариантыныңүшинши басылыўы.

Көп томлықтың «Қоблан» дәстанына арналған VIII Томы да 1981-жылы басылып шықты. «Қоблан» дәстанының бул варианты Есемурат жыраўдан жазып алынған. Жазып алғанлар Н.Жапақов, С.Мәўленов. Дәстанның үшинши басылыўы. Дәстанды баспаға таярлағанлар Н.Жапақов, Қ.Мәмбетназаров, Қ.Байниязов.

«Қарақалпақ фольклоры»ның IX томын «Ер Зийўар», «Қаншайым» дәстанлары қурайды. Бул том 1981-жылы баспадан шықты. Қурбанбай жыраўдан «Ер Зийўар» дәстанын С.Бекназаров, Г.Есемуратов, «Қаншайым» дәстанын Ө.Хожаниязов «Қурбанбек» дәстаны С.Мәўленов, Ш.Хожаниязовлар тәрепинен жазып алынған. Баспаға таярлағанлар ҳәм алғы сөз түсиник сөзлерин жазған Қ.Мақсетов, Г.Есемуратов, А.Қожықбаев. Бул дәстанлардың екинши реет басылыўы.

1982-жылы «Айтыс»тың XI томды қурайтуғын биринши китабы басылды. Томда баспаға таярлаған М.Низаматдинов. Бул томға тийкарынан «Турмыс салт айтыслары» ҳәм «Шешенлик айтыслары» деген еки үлкен тараў киреди. Алғы сөз ҳәм түсиник сөзден басқа ҳәр бир тексттиң алдында оның мәнисин, қурылысын, мазмунын, әҳмийетин баянлайтуғын пикирлер келтирилген.

«Айтыс»тың 1983-жылы басылған екинши китабы қарақалпақ фольклорының XII томын қурайды. Бул томды баспаға таярлаған М.Низаматдинов. Томның мазмунын «Қарақалпақ халық дәстанларындағы айтыслар», «Қарақалпақ классик шайырларының айтыслары», «Совет дәўириндеги айтыслар» деген бөлимлер қурайды.

1984-жылы «Қарақалпақ фольклорының» XIII Томы басылып шықты. Бул томға «Шәрьяр» дәстаны кирип оған Қуламет жыраў ҳәм Өтенияз жыраў вариантлары киргизилди. Қуламет жыраў вариантларын жазып алған Ә.Шамуратов, Өтенияз жыраў вариантын жазып алған Қ.Мақсетов.

«Ғәрип-ашық» ҳәм «Саятхан-Ҳамра» дәстанлары 1985-жылы басылып «Қарақалпақ фольклорының» XIV томын қурады. «Ғәрип-ашық» дәстаны Х.Тәжимуратов тәрепинен Ещан бақсы ҳәм Қудайберген бақсылардан жазып алынған. «Саятхан-Ҳәмре» Минаж Матсапаевтан жазылып алынған вариант. Баспаға таярлағанлар фольклор секторы хызметкерлери. 1986-жылы көп томлықтың өз ишине «Ғөруғлы» эпосын алған XV Томы басылды. Бул «Ғөруғлы»ның «Әўезхан», «Әўез үйленген», «Арап Рейхан», «Қырмәндәли», «Бәзирген» бөлимлери кирген. Томды баспаға таярлаған М.Низаматдинов.

«Қырмәндәли» бақсы Мәдрейим Матчановтан А.Жапақов тәрепинен, «Бәзирген» Ещан бақсыдан А.Абибуллаев тәрепинен, «Әўезхан» Сапар қыссаханнан, М.Низаматдинов

тәрепинен, «Әўез үйленген», «Арап Рейхан» Нарбай бақсыдан Ж.Абдикаримов тәрепинен жазып алынды.

Алғы сөзин ҳәм түсиник сөзлерин жазған М.Низаматдинов.

1987 – жылы «Қарақалпақ фольклорының» XVI томы басылып шықты. Бул томға «Юсуп-Ахмет», «Юсуп Злийха», «Ашық-Нәжеп», «Ҳүрлиха Ҳамра» дәстанлары кирген. «Юсуп-Ахмет» дәстаны бақсы Әмет Тариховтан Қ.Мақсетов тәрепинен жазып алынған. «Юсуп Злийха» дәстанының қол жазбасы Кегейлиден А.Алимов тәрепинен табылған. «Ашық-Нәжеп» дәстаны Қ.Мақсетов тәрепинен Қаражан бақсы Қабуловтан жазып алған. «Ҳүрлиха Ҳамра» дәстаны «Қоңыратлы Орынбай» бақсының шәкирти Мәдирийим бақсыдан А.Жамалов тәрепинен Қоңыраттағы фольклорлық экспедиция ўақтында жазылып алынған. Томды баспаға таярлағанлар Қ.Мақсетов, А.Алымов.

1987 – жылы «Қарақалпақ фольклорының» XVII томы басылып шықты. Бул томға Қурбанбай жыраўдан жазылып алынған «Шийрин-шекер», «Жас Келен», «Ер Қосай» дәстанлары кирген. Дәстанларды жазып алғанлар С.Мәўленов ҳәм Ш.Хожаниязовлар «Ҳажы-Герей» дәстаны С.Бекназаров тәрепинен Қурбанбай жыраўдан жазылып алынды. Бул дәстан да XVII томға киргизилген. Томды баспаға таярлағанлар фольклоистика бөлим хызметкерлери. (Таярлаўшылар тәрепинен алғы сөз ҳәм түсиник сөз жазылған).

«Қарақалпақ фольклорының» XVIII томы 1988-жылы «Қарақалпақстан» баспасында басылып шықты. Бул томға «Меңлихал», «Сәлимжан», «Хатамтай», «Гүлнахар» дәстанлары кирген. «Меңлиқал» дәстаны 1956-жылы Мәтен Сейтниязов тәрепинен Қурбанбай жыраўдан жазып алынады. Усы жылы «Қарақалпақ әдебияты ҳәм искусствосы» (ҳәзирги «Әмиўдәрья») журналында биринши реет жәрияланады. Соңғы басылыўында усы XVIII томға киргизиледи. «Сәлимжан» , «Хатам тай» дәстанлары да 1956 – жылы М.Сейтниязов тәрепинен Қурбанбай жыраўдан жазып алынады. «Гүлнахар» дәстаны 1961 – жылы экспедицияда фольклор секторы хызметкерлери тәрепинен жазып алынады. Бул томды баспаға таярлаған Қ.Мақсетов, А.Каримов, М.Низаматдинов, Т.Қ.Мақсетов, А.Каримов, М.Низаматдинов, Т.Ниетуллаев, Ә.Алымов, К.Ерназаровлар. Алғы сөзи ҳәм түсиник сөзи А.Каримов, Т.Ниетуллаев, Ә.Алимов, М.Низаматдиновлар тәрепинен жазылды.

1989 – жылы «Қарақалпақ фольклоры»ның XIX томы басылып шықты. Бул томға «Бозуғлан», «Гүлистан», «Қыз Палўан», «Қараман» дәстанлары кирген. Булардың ишинен «Бозуғлан»нан басқа дәстанлардың баспа жүзинде биринши реет басылыўы. «Бозуғлан»ның бул варианты Қыяс жыраў Қайратдиновтан Қ.Мәмбетназаров тәрепинен 1961 – жылы жазып алынады. «Гүлистан», «Қыз Палўан» дәстанлары Қыяс жыраўдан 1973 – жылы Ж.Хошниязов тәрепинен жазып алынады. «Қараман» дәстаны 1962 – жылы Қ.Әбдижәмийлов тәрепинен Қыяс жыраўдан жазып алынады. Томды баспаға таярлағанлар фольклор секторы хызметкерлери, алғы сөзин А.Каримов, Қ.Мәмбетназаров, Ниетуллаевлар жазды.

1990 – жылы «Қарақалпақ фольклоры»ның XX томы баспадан шықты. Бул томға «Жаханша», «Ер Сайым», «Боз жигит», «Зийнеп-Алтынгүл» дәстанлары киргизилди. Томға киргизилген «Жаханша», «Ер Сайым» дәстанлары 1956 – жылы Қурбанбай жыраўдан М.Сейтниязов тәрепинен жазып алынды. «Боз жигит» дәстанын С.Мәўленов ҳәм Ш.Хожаниязовлар 1939 – жылы Қурбанбай жыраўдан жазып алады. «Зийнеп-Алтынгүл» дәстаны Мәдирейим Ержановтан К.Ерназаров тәрепинен жазып алынды. Томды баспаға А.Каримов, Қ.Мәмбетназаров, Т.Ниетуллаев, К.Ерназаровлар баспаға таярлады. Китаптың алғы сөзин ҳәм түсиник сөзлерин баспаға таярлаўшылар жазды.

Улыўма қарақалпақ фольклорын 20 томлығына киргизилген дәстанлар усылардан ибарат. Қарақалпақ фольклорының бул көп томлығы қарақалпақ фольклористлериниң оғада үлкен фундаменталь жумысларынан есапланады.

Қарақалпақ халық дәстанлары көп томлықтан тысқары өз алдына китап болып та соңғы жыллары басылып шықты. Булардан 1990 – жылы «Едиге» дәстанының Қ.Айымбетов жазып алған варианты ҳәм Қыяс жыраў варианты басылып шықты. Дәстанның Ерполат жыраў вариантын Қ.Байниязов баспаға таярлаған. Қыяс жыраў вариантын М.Низаматдинов ҳәм Қ.Мәмбетназаровлар бирликте таярлаған. Китаптың алғы сөзинде Нәзир Төреқуловтың ««Едиге» туўралы еки аўыз сөз» мақаласы берилген. Буннан кейин Қ.Айымбетовтың дәстанда қашан кимнен жазып алғаны ҳаққында мағлыўматы бериледи. Дәстанның Қыяс жыраў вариантында Қ.Мақсетов алғы сөзин жазады. Булардан басқа 1992 – жылы «Аманбай батыр» дәстаны, 1995 – жылы «Дәўлетиярбек» дәстаны басылып шықты.

## Қарақалпақ фольклорындағы илимий изертлеўлер

1962 – жылы қарақалпақ тилинде фольклорға арналған китаплар басылып шыға баслады. Усы жылы Қ.Мақсетовтың «Қарақалпақ қаҳарманлық» дәстаны «Қырқ қыз» китабын атаўға болады. Китап кирисиў ҳәм жуўмақтан басқа «Қырқ қыз» дәстанының идеялық бағыты, дәстанның көркемлик өзгешелиги, дәстанның жыршысы туўралы деген бөлимлерден турады. Бул автордың 1957 – жылы жазылған кандидатлық диссертациясы.

1962 – жылы Ташкенте рус тилинде И.Т.Сағытовтың «Каракалпакский героический эпос» атлы монографиясы шықты. Китап ««Қарақалпақ эпосына улыўма характеристика», (эпостың классификациясы, жыраўлар, эпос ҳәм тарийх, эпосты дәўирлерге бөлиў). Эпостың дөрелиў дәўири, қарақалпақ эposларының тийкарғы өзгешеликлери, қарақалпақ эпосының көркемлик өзгешеликлери. Буннан соң «Қоблан» («Қоблан»ның қарақалпақша вариантлары, қазақша варианты), «Алпамыс» («Алпамыс»тың миллий версияларының уқсаслылығы ҳәм айырмашылығы), «Қырқ қыз» (дәстанның көркемлик өзгешелиги) қусаған төрт баптан турады. Бул китап И.Сағытовтың докторлық диссертациясының қысқаша мазмуны еди. Бул китап

қарақалпақ тилинде 1963 – жылы басылып шықты. М.Дәўқараевтан кейин «Алпамыс», «Қоблан», «Қырқ қыз» дәстанларын кең изертлеген И.Сағытов болды.

1963 – жылы Қ.Айымбетовтың «Қарақалпақ совет драматургиясының тарийхынан очерклер» деген китабы басылып шықты. «Той баслаў», «Жуўап», «Қырқ жигит ойыны», «Халық жыраў-бақсылары», «Халық дәстанлары», «Қыссаханлар» деген бөлимлерден турады. Булардың театрға, драмаға дерек болғанын көрсетеди.

1965 – жылы Ташкенте «Фан» баспасында Қ.Мақсетовтың қарақалпақ тилинде «Қарақалпақ қаҳарманлық дәстанларының поэтикасы» китабы басылып шықты. Китап кирисиў ҳәм жуўмақтан басқа «Қарақалпақ қаҳарманлық дәстанларының жанрлық өзгешеликлери», «Идеялық ҳәм көркемлик өзгешеликлери», «композициялық қурылысы ҳәм образлары», «Қаҳарманлық дәстанлары сүўретленген қураллары», «Қаҳарманлық дәстанындағы проза», «Қарақалпақ халық поэзиясында қосық дөретиўшилик мәселесине» қусаған баплардан турады. Китап автордың докторлық диссертациясының мазмунын сәўлелендиреди.

1966 – жылы Ташкенте рус тилинде басылған Т.Алланазаровтың «Каракалпакский советский театр» деген китабының «Қарақалпақ совет драматургиясының ҳәм театрының миллий дереклери» деген бөлиминде халық дәстүрлери «Ҳәўжар», «Көримлик», «Бет ашар», «Қаз сыңсыў», «Жоқлаў», «Қыз айттырыў», «Келин түсириў», «Қыз узатыў» кең түрде баянланады. Бул китапта балалар ойынлары «Тебиспек», «Илметахия», «Ат ойын», «Байге», «Ылақ», «Ешек жаўрын», «Топ», «Тикпе таяқ», «Аңғалақ», «Сууқалақ», «Суў сеписпек», «Жүзиспек», «Сүңгиспек», «Жарыспақ», соның менен «Қаўын-қаўын», «Үй-үй», «Маңлай шертпек», «Табыспақ», «Жаңылтпаш», «Түлкишек», «Қамыс қыйма», «Соқыр теке», «Айналма дүрре», «Жумбақ». «Әўелемен-дүўелемен», «Ҳәкке-қайда», «Бәдик», «Қудағай», «Ярамазан», «Қырқ жигит», «Аға бий» т.б. ҳаққында айтылып олардың этнографиялық фольклорлық қәсийетлери, театрлық элементлери жөнинде айтылады.

1966 – жылы Н.Камалов «Жалынлы жыллар» деген китапша бастырып шығарды. Китапта биринши мәртебе урыс дәўириндеги қарақалпақ халық қосықларынан үлгилер берилген. Топлам «Тылдағы мийнеткешлердиң қосықлары», «Саўаштағы жаўынгерлердиң қосықлары» деген еки бөлимнен турады. Оған барлығы болып 46 қосық кирген.

1968 – жылы қарақалпақ фольклористикасына үлкен үлес боған Қ.Айымбетовтың «Халық даналығы» атлы китабы басылып шықты. Бул оның докторлық диссертациясының мазмунын қурайды.

1970 – жылы Қ.Мақсетовтың «Халық бақсысы» атлы китапшасы басылып шықты. Бунда Жапақ бақсының (Шамуратов) өмири ҳәм творчествосы сөз етиледи.

1977 – жылы Ташкенте «Фан» баспасынан қарақалпақ фольклористлериниң коллективлик жумысы рус тилинде «Қарақалпақ фольклоры тарийхының очерки» деген атамада китап болып шықты. Бул мийнет қарақалпақ фольклористлериниң изертленген жумысларының нәтийжеси болды. Китаптың кирис сөзи, дәстанлар ҳәм совет фольклоры

бөлимин Қ.Мақсетов, ертеклер, легендалар, аңыз-әңгимелер, анекдотлар бөлимин Қ.Мәмбетназаров, дәстүр жырлары, жоқлаў, айтымларды, Н.Жапақов, лирикалық қосықларды ҳәм жумбақларды Ә.Алымов, нақыл-мақал, терме толғаўларды Т.Ниетуллаев, тарийхый қосықларды А.Қожықбаев, урыстан кейинги халық поэзиясын М.Низаматдинов, айтысты Ж.Хошниязов, урыстан бурынғы халық поэзиясын Ә.Ерполатов, урыс дәўириниң халық поэзиясын Н.Камалов жазған. Ҳақыйқатында бул коллективлик мийнет қарақалпақ фольклористикасы тарийхындағы оғада үлкен адым болды.

1980 – жылы Әдилбай Қожықбаевтың «Тарийхый қосықлар» атлы китабы «Қарақалпақстан» баспасында басылып шықты. Бунда тарийхый қосықлардың ҳәм аңызлардың тарийхый ўақыялар тийкарында пайда болыўы, раўажланыўы ҳәм оларда тарийхый шынлықтың сөз етилиўи менен оның аўыз еки халық дөретпелериниң басқа түрлерине байланысы ҳаққындағы мәселелер сөз етиледи. Бул китапта «Ормамбет бий», «Қарақалпақ», «Ноғайлы», «Бойсынға», «Жети үйге бир белдар», «Аўезхан». «Қоңырат», «Асқар батыр», «Өтеш батыр», «Мәрдикәр», «Залым Яўмыт», «Хан зулымы», «Шайдаков» т.б. тарийхый қосықлар анализленеди.

1981 – жылы Қ.Мәмбетназаровтың «Қарақалпақ ертеклери ҳаққында» китабы басылып шықты. Китап кирисиў ҳәм жуўмақтан басқа «Қарақалпақ ертеклериниң жанрлық белгилери», «Қыялый ертеклер», «Ҳайўанатлар ҳаққында ертеклер», «Турмыс ертеклери», «Турмыс ертеклериндеги халық сатиралары», «Қарақалпақ ертеклериниң көркемлик өзгешеликлери» деген бөлимлерден турады.

Т.Ниетуллаевтың «Қарақалпақ нақыл-мақалларының» монографиясы 1982 – жылы басылып шықты. Бул нақыл-мақал бойынша биринши жазылғиан илимий мийнет. Бунда қарақалпақ нақыл-мақалларының анализин көремиз. Автордың қарақалпақ нақыл-мақалларының көркемлик өзгешелигин ашыўы, олардың қурылысы рифмалар, көркем сүўретлеў қураллары, көркем формалар, тили ҳаққындағы пикирлери бар.

## Қарақалпақ фольклористикасы тарийхы

### Әдебиятлар.

1. Қ.Айымбетов. Халық даналығы. «Қарақалпақстан» басп. Нөкис, 1968.
2. Қ.Айымбетов. Қарақалпақ фольклоры. «Қарақалпақстан» басп. Нөкис, 1977.
3. Н.А.Баскаков. Каракалпакский язык. Том I, АНСССР басп, Москва, 1951.
4. С.Бассин. Литература каракалпакского народа. Сб. «Возрожденный народа». Альманах каракалпакской литературы. Турткуль, 1940.
5. С.Бахадырова. Фольклор и каракалпакская советская проза. «Каракалпакстан», Нукус, 1984.
6. С.Баҳадырова. Фольклор ҳәм ҳәзирги әдебий процесс. «Әмиўдәрья» журн. №7, 1984.
7. Н.Даўқараев. Шығармаларының толық жыйнағы. 2-т. «Аўыз еки халық творчествосы». «Қарақалпақстан» басп. Нөкис, 1977.
8. Колл. авт. «Очерки по истории каракалпакского фольклора». Изд-во АНУзССР. Ташкент, 1960.
9. Карл Райхль. Karakalpakche Marchen Bochum. 1985.
10. Махмуд Қашғарий. «Девону луғатит түрк», үш томлық. Ташкент, 1960-1963.
11. Қ.Мақсетов. Қарақалпақ қаҳарманлық дәстаны. «Қырық қыз». «Қарақалпақстан» басп. Нөкис, 1962.
12. Қ.Мақсетов. Қарақалпақ қаҳарманлық дәстанларының поэтикасы. «ФАН» басп. Ташкент, 1965.
13. И.Сағытов. Қарақалпақ халқының қаҳарманлық эпосы. «Қарақалпақстан» басп. Нөкис, 1963.
14. И.Сағытов. Әдебият ҳәм фольклор. «Қарақалпақстан» басп. Нөкис, 1983.

Текстлер:

1. Қарақалпақ фольклоры. 20 томлық.